Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 14 (93201) / 2 апрель 2018 с. / итни 15 Ражаб 1439 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## Результаты выборов РФ



Центризбирком (ЦИК) подвел окончательные итоги выборов президента, победителем в которых стал Владимир Путин. Председатель ЦИКа уверена, что завершившаяся кампания была «свободной, конкурентной, прозрачной». Владимир Путин выступил с обращением к россиянам, пообещав «настоящий прорыв». ЦИК утвердил финальный протокол о результатах выборов-2018, которые в четвертый раз выиграл Владимир Путин.

Явка на выборах президента составила 67,54%, из них 76,69% проголосовали за Владимира Путина. Кандидат от КПРФ Павел Грудинин собрал 11,77% голосов, лидер ЛДПР Владимир Жириновский — 5,65%, кандидат от партии «Гражданская инициатива» Ксения Собчак — 1,68%, кандидат от «Яблока» Григорий Явлинский — 1,05%, кандидат от Партии роста Борис Титов — 0,76%, лидер «Коммунистов России» Максим Сурайкин — 0,68%, лидер «Российского общенародного союза» Сергей Бабурин — 0,65%.

Практически сразу после заседания ЦИКа на телеканалах появилось обращение Владимира Путина к россиянам. Поблагодарив граждан «за масштабную, беспрецедентную поддержку», он назвал «чрезвычайно важными» такую «ответственность и консолидацию» общества. «Нам необходим настоящий прорыв»,— повторил Владимир Путин свою предвыборную установку.— И в вашей поддержке вижу готовность к такой работе, к таким переменам».

## Ниж мунгун руго, Кемерово…




25 марталда Кемерово шагьаралда ккараб лъугьа-бахъиналъ ракI гъанцIизабичIев чи дунялалда тIад ватиларо. **«Хасалил жага»** абураб бича-хисиялъул централда,цIаккеялъул хIасилалда, гIумруялдаса ватIалъана 64 чи, больницаялде ккана 15 чи, гьезул цIикIк1унисел рукIана лъимал. Бищунго ракI унтизабулеблъун гьениб буго лъимал гIумруялдаса ратIалъи. РекIел бухIи бихьаравлъун умумуз рикIкIунаан жиндаса цебе лъимер гIумруялдаса батIалъарав. ЦохIо гьелъ бихьизабула кигIаналъ эбел-инсуе лъимер хирияб букIунебали.

ГIадамазул, гьеб лъугьа- бахъиналда хурхун, буго батIи-батIияб пикру, амма Россиялъул цIикIкIунисел гIадамазул ракIазулъ гьелъ лъуна гъваридаб, замалдасанцин кIочонареб ва бидабецIцIулеб ругъун. Гьедин ккеялъе гIиллабилъун, тIоцебесеб иргаялда, г1адамаз рикIкIунел руго ришватчилъи ва хIинкъигьечIолъи чIезабиялъулъ риччарал гъалатIал.

Гьениве щварав Россиялъул Президент В.В. Путиница жавабиял хIалтIухъабаздаса тIалаб гьабуна гьеб лъугьа- бахъиналъе гIайибилал гIадамал, щибнигиялъухъ балагьичIого,ралагьизе ва тамихIалде цIазе. Гьединго, гьес лъазабуна тIолабго Россиялда гьединал бакIазул хал гьабеян.

Россиялъул киналниги шагьараздагун районазда тIоритIана,гьеб ракI гъанцIизабураб лъугьа- бахъиналда хурхун,акцияби,митингал ва цогидалги данделъаби. ТIобитIана гьеб нилъер районалдаги.

## Новые назначения

Поздравляем!

***Жители Казбековского района сердечно поздравляют С.Д. Умаханова, А.М. Абдулмуслимова и Ш.У. Гаджимурадова с новыми назначениями. Желают им крепкого здоровья, счастья и успехов в работе.***



Указом врио главы Дагестана Владимира Васильева, министром промышленности и энергетики Республики Дагестан назначен Сайгидпаша Дарбищевич Умаханов.

С.-п. Д. Умаханов родился в 1962 году в с. Буртунай. Окончил Харьковский механический техникум, экономический факультет ДГУ, юрфак Махачкалинского института управления и бизнеса, Международный институт бизнеса и права. Кандидат экономических наук, полковник юстиции

С 1997 по 2005гг. был главой администрации г.Хасавюрт и председателем Собрания депутатов городского округа, а с 2015 года- министром промышленности, энергетики, транспорта и связи.



Указом врио главы Дагестана Владимира Васильева, министром сельского хозяйства и продовольствия Республики Дагестан назначен Абдулмуслим Мухидинович Абдулмуслимов.

А.М. Абдулмуслимов родился в 1960 году в с. Гертма. В 1983 году он окончил Московскую сельхозакадемию, а в 1990 году - аспирантуру. А.М. Абдулмуслимов кандидат сельхознаук. С февраля 2016 года он был полномочным представителем главы РД в горном территориальном округе, а с ноября того же года, А.М. Абдулмуслимов был назначен Секретарём Совета безопасности РД.



Указом врио главы Дагестана В. Васильева, министром транспорта и дорожного хозяйства РД назначен Ширухан Умаханович Гаджимурадов.

В 60-х годах прошлого века его отец Умахан Гаджимурадов работал первым секретарем Казбековского райкома КПСС. В эти годы Ш.У. Гаджимурадов жил и учился в с. Дылым.

Ш. У. Гаджимурадов родился в 1955году в с. Мехельта Гумбетовского района. В 1978 году он окончил Московский автомобильно-дорожный институт. Начав трудовую деятельность в 1979 году, Ш. Гаджимурадов занимал различные ответственные должности.

С августа 2017 года он был заместителем генерального директора ФБУ «Агентство автомобильного транспорта».

28 марталъул бакъанил гIужалда Дилим росдал централияб байданалде ракIарана районалъе нухмалъулел, учреждениябазулгун организациябазул хIалтIухъаби,жамагIатазул вакилзаби,- цIалдохъаби,умумул ва цогидалги.

Гьеб данделъиялде ракIараразда кодор рукIана ***«Кемерово, ниж мунгун руго», «Нужгун къварилъи бикьула»*** абун хъварал,пашманлъи загьир гьабурал плакатал, т1угьдузул квац1аби ва хъахIал шарал.

Районалъул гIадамазул рахъалдасан Кемерово шагьаралда къварилъи ккаразе зигара барал кIалъаял гьаруна – ***«Казбек район»*** муниципалияб гIуцIиялъул бетIер XI.XI. Мусаевас,М. Гереевас,Н. Качалаевалъ, С. Алтумирзаевас.

Гьенир гIумруялдаса ратIалъаразде жинцаго бахъараб кечI цIалана М.Давудх1ажиевас, кечIалдалъун, рекIел бухIи




загьир гьабуна М.Дудуевасги.

Пашманлъи загьир гьабураб митинг ахиралде щвана, азаргоялдасаги ц1ик1к1ун, хъахIал шарал гьаваялде риччаялдалъун.

*И. ИДРИСОВ.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# Администрациялда

27 марталда райадминистрациялда тIобитIараб активалъул иргадулаб данделъиялъул халгьабиялде росун рукIана:

***1. Росдал магIишаталъул хIалтIухъабаз 20I7 соналъ гьабураб хIалтIул хIисабкьей ва ихдалил хIалтIабазде бугеб хIадурлъи.***

***2. 1-аб. апрелалдасан байбихьун, районалда санитариябгун эпидемиологиялъулаб рацIц1алъи чIезаби.***



Рехсарал суалазда тIасан к1алъаял гьаруна росдал магIишаталъул управлениялъул начальник З.Д. ГIалиевас ва архитектураялъул отделалъул начальникасул ишал тIуралев ХI.К. ХIадаевас. Данделъиялде гIахьаллъана - ***«Казбек район»*** муниципалияб гIуцIиялъул бетIерасул заместительзаби, росабазул администрациябазул бутIрул ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби. Т1адехун рехсарал суалазда тIасан кIалъазе рахъана -ТIагьир Салаев, ГIабдулатIип МухIудинов, ХIажи Мусаев, Зайнула Чалухов, М-расул МахIамаев,Гъайирби Гъайирбиев, ГIарацхан ГIабдулаев.

Гьез, гIатIидгьабун, бицана жидеца нухмалъи гьабулеб магIишатияб бутIаялда ругел гIолел-гIоларел рахъазул,гьарурал ва гьаризе рихьизарурал хIалтIабазул.

Гьединго, ГIадукав Базаевас гьенир загьир гьаруна гьал хадур рехсарал хиса-басиял:

***1. Нилъер районалда бугеб «Дагтехкадастр» ГБУялъул филиалалъул директорлъун т1амуна Салимханов Казинпаша Икрамудинович.***

***2. «Победа» СПКялъул председательлъун вищана Висаитов Висаит Найбудинович.***

Гьениб, ***«Казбек район»*** муниципалияб гIуцIиялъул бетIерасул заместитель З.Н.Эмеевас, райадминистрациялъул рахъалдасан, I8 марталда т1орит1арал рищиязда гьабураб жигараб г1ахьаллъиялъухъ ХIурматалъул грамотаби кьуна:

1. Лъайкьеялъул управлениялъе
2. Казбек районалъул ГБУ КЦСОНалъе.
3. ИчкIа росдал администрациялъе.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалал рича-чвана ва гьаруна рекъон кколел хIукмаби. Данделъиялъул хIакъалъулъ, гIатIид гьабун, хъван буго райадминистрациялъул сайталда.

***И.ИДРИСОВ.***

# Тарбияч1ужу Таслият



**Гъанаматова Таслият ГIабидхановна** гьаюна 1965 соналъ Дилим росулъ.

1981 соналъ росдал №1 гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гьей ана ЧИАССРалъул Гудермес шагьаралъул педагогическияб училищеялде.

1985 соналъ цIалун лъугIарай Таслиятица захIматалъул нух байбихьана Дилим росдал №2 школалде (гьанжесеб гимназия) хIалтIизе лъугьиналдалъун.

1990 соналъ гьей т1амуна №3 **«Журавушка»** лъималазул ахалде тарбиячIужулъун. Жиндирго лъайги хIалбихьиги лъималазе кьолаго,ракIбацIцIадго, жавабчилъиялда, хIалтIулей йиго Таслият ГIабидхановна.

Лъималазде рокьиги хIалтIи цадахъаздехун бугеб хIурматги бихьизабулей гьелъул х1урмат гьабула лъималазул умумуз ва цадахъ х1алт1улез. Таслиятил бажариги махщелги буго лъималазе рокьулел ишал тIоритIиялъе. Лъималгун х1алт1иялъулъ гьелъ жинцаго ургъула бат1и-бат1иял къаг1идаби, квераз х1адурула бицунелъегун гьабулелъе баянлъи кьолел алатал, плакатал ва гь.ц. Гьелъул группаялда рукIуна рацIцIалъиги гIадлу-низамги.

КIвахI гьечIей, кумекалъе яхъине, тIадкъаял тIуразе х1адурай Таслиятидаса рази буго нижер коллектив.

***С. АБАКАРОВА, Дилим росу.***

# ШартIал гьечIониги,..



ЧIахIияб гIелалда бихьун, гIисиназда тарихалдасан лъала, пача тIасаги рехун, социалистическияб пачалихъ кин гIуцIун букIарабали. Дунялалда тIад тIоцебесеб хIалтIухъабазулгун рекьарухъабазул пачалихъ рагъалдалъун къезабизе кIвечIеб заманалда, къватIисел улкабазул бутIруз гьелда лъазабуна экономикаялъулаб рагъ. Чанго соналъ халатбахъараб граждазанияб рагъалъ чIунтIизабураб магIишат рукIалиде бачине, гьай-гьай, цIакъ захIмат букIана. ХIажат букIана, къокъаб заманалда жаниб, улкаялъул халкъ аслиял кванил нигIматаздалъунгIаги хьезабизе. Гьелъие большевиказ ургъана батIи-батIиял къагIидаби ва гьезул къотIи ккана коллективиял (цадахъал) магIишатал гIуцIизе. Гьедин, араб гIасруялъул лъеберабилел соназ, бугес бугебги данд рехун, нилъер районалдаги байбихьана колхозал гIуцIизе.

Ракь бекьизе кутабицин щолареб заманалда, узухъда, бигьаяб ишлъун букIинчIо магIишат гьаби. Белалъ бухъун, квераз хьон хьан, гьезго бакIарун, гьабуна нилъер умумуз магIишат. Аслияб къагIидаялда гьез хIалтIизарулаан оцазул гьакал, чангъал.

РакIалдаса унаро, гьедин бижине гьабураб ролъ лъилъулаан нилъаз, цинги гулалги къан, баччулаан гIоцIибе ва гьенир гьезул ралаан гIархъал. Ролъ тIоралдаса батIа гьабиялъе хIалтIизарулаан лулби (оцаз, чуяз, хадур цIалел хасал хъарщал), хадур раккана молотилкаби. Заманалда бакIарун лъугIизаби мурадалда, къаси моцIрол канлъухъецин лъилъулаан ролъ. Руччабазда цадахъ хIалтIулаан бихьинал, бажарараб кумек гIолеб гIелалъги гьабулаан.

БатIалъи букIинчIо, цIоросаролъ, картошка ва цогидал нигIматал гIезариялъулъги дандчIвалаан гьединалго захIмалъаби. КигIан захIмат букIаниги, гIадамазулъ букIана цоцазе кумек ихтилаткеп цадахъ гьаби. Рогьаралдаса маркIачIул гIуж щвезегIан хIалтIаниги, къаси гьарулаан гъастIа бакIал ва батIи-батIиял гIодорчIеял, гьенибги гIадада заман биччалароан (цIоросаролъ, багIаргьоло чIучIунаан, руччабаз сумалаби, тIансаби рессулаан).

Колхозазда хIалтIулезе мухьдае гIарац кьей букIинчIо. ХIалтIизе рахъаралъухъ хъвалаан гъинкъоял (трудодни) ва хаслихъе, гъинкъоязде балагьун, колхозниказе кьолаан жидецаго гIезабураб тIорщел.

Лъелгоги хьвадун, гъутабаздаги мугIруздаги хIалтIи гьаби, гьанжесеб заманалда рикIкIине ккола багьадураб ишлъун.

Доб заманалда, кин букIун батаниги, гIадамазулъ букIана сахлъи, цикIкIараб яхI-намус ва ракьалде рокьи.

I939 соналъ нилъер районалъул колхозаз бекьун буго (оцаз), гьез бекьизе рес ккеч1еб белалъ бухъун) 5225 гектар ва гьениса бакIарун буго 5744 тонна тIощалил (I гаялдаса 11,2 центнер).

20I7 соналъ нилъер районалда ролъ, цIоросаролъ, пиринчI ва ниха рекьун руго 28I5 гектаралда ва гьениса бакIарун буго 8660 т. тIорщалил.

Умумуз бицунаан, КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьилелде, гIадамазул рукIарахъин лъикIлъанин, бачIунеб тIощалил къадарги цIикIкIанин.

Рагъ байбихьун хадусан, бихьиналги рагъде ун, магIишат гьаби беганин руччабазул, херазул ва лъималазул кIигъуждузда тIад. Гьез къоги хIехьанин ва фронталъе хIажатабщинаб чIезабунин. Бигьаял рукIинчIо нилъер умумузе рагъдаса хадусел сонал, амма гьел захIмалъабазе къуркьичIо.

ГьабсагIат хIажатаб жо буго гIолеб гIелалда умумузул тарих лъазаби. Гьез, гIетIги биги тIун, цIунараб пачалихъалде гьезул рокьи бижизаби ва дандчIвалел захIмалъаби къезаризе гьел ругьун гьари. Цого гьелъулъ бихьула дида гIолеб гIелалъул букIинесеб.

**Ш. ЯНДАЕВ, Дилим росу.**

# Баркала нужее, лъикIал гIадамал!

Х1урматалъеги реццалъеги мустах1икъал г1адамал нилъер районалда г1емер руго. Гьединаздасан цояллъун ккола нилъер районалъул жанисел ишазул отделалъул начальник Халидов ГIалхан ХIажиевич ва пластикаялъул гордалгун нуц1би гьарулеб «Флагман» ОООялъе нухмалъулев Шираев Паша Юсупович. Азарго лъимер цIалулеб нижер лицеялда, чIечIого рагьулел-къалел нуцIбиги гордалги жагъаллъичIого рукIунаро. Гьел къачIазе, цIияздалъун хисизе ресги школалъул бук1унаро. ЛъикIал гIадамаз кумек гьабичIого нижер лицей толаро. Мухьги босичIого, къадада магIцин кьабулареб гьаб заманалда, Пашал хIалтIухъабаз киридахъ гьабула нижее х1ажатаб кумек. МоцIида жаниб цо нухалъниги гьел ахIулареб мех нижер букIунаро. Гьезул хIаракаталдалъун, лицеялъул азбаралда бана лъим т1олеб гъуй. КватIичIого гьеб хIалтIизе биччазе буго. Лицей сверухъ ругел хIубазда лъурал лампочкаби ч1еч1ого рухIулаан. ГIалхан ХIажиевичас хIалтIухъабиги ритIун, гьел хIубазда лъуна хасал лампочкаби.

Гьединго лицеялъул юнармейцазул командаялъе гьес битIун бачIана 12 форма. Гьес замаза-маналда хIажатаб жо бугищан цIехезе чагIиги ритIун рачIуна. Нижеца - лицеялъул коллективалъ, лъималазул умумуз ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго гьел гьалмагъзабазе.

***Лицеялъул коллективалъул рахъалдасан: Язрапат Юсупова ва Исрапил Булатханов.***

# «Салатавиялъул гІолиллъи» конкурс



27 марталда районалъул культуралъул Централда тІобит1ана, росабазул культураялъул рукъзазда (СДКял) цере гІуцІарал, жалго ругьунлъарал лъималазул драмаялъулал коллективазул «***Салатавиялъул гІолиллъи***» абураб халгьаби-конкурс. Культураялъул Централъул хІалтІухъабазул жигарчилъиялда ва хІаракатчилъиялда тІобитІараб гьеб тадбиралда гІахьаллъана- Гуни, Гертма, ИчкІа, Гьоэтала ва Ленинаул росабалъа коллективал.

Ахирияб заманалда районалъул культураялъул Централъул хІалтІухъабаз, цІалдохъабазул ва гІисинаб гІелалъул г1ахьаллъиялда, т1орит1улел руго бат1и-бат1иял тадбирал.

Гьел тадбиразда загьирлъула гІолилазул культураялде бугеб рокьи, гьезул бажари ва махщел. Гьезулъ гІахьаллъулезул къадар къойидаса-къойиде цІикІкІунеб ва гьел тадбираз культурияб лъайкьеялъулъ жидерго бутІа лъолеб букІинги бихьулеб буго.

Росабазул культураялъул хІалтІухъабаз ва цІалдохъабаз конкурсалда рихьизаруна батІи-батІиял хъвадарухъабазул пьесабаздаса цо-цо бутІаби. Гьел къецазулъ тІоцебесеб бакІалде бач1ана Гуни росдал коллектив, кІиабилеб бакІалде - Гьоэталаялъул коллектив ва лъабабилеб бакІалде- ИчкІаязул коллектив.

Бищунго лъик1 гьел сценкабазда ролал х1араллъун жюриялъ рихьизаруна - Муса Хасаев (1-аб. бак1, Гьоэтала), Зайнап Улубиева (2-аб. бак1, Ленинаул) ва Калимат Садуева (3-аб. бак1, Гуни).

Бергьенлъи босарал коллективал, бищунго лъикІ ролал хІарал гІолилал гьенир кІодо гьаруна дипломаздалъун ва ХІурматалъул грамотабаздалъун.

***ХІ. КАРИМОВА.***

# Конкурс тІобитІана



Дагьал церегІан къояз Дилим росдал гимназиялда тІобитІана, республикаялъул даражаялда лъазабураб ва информационниябгун методическияб Централъул хІалтІухъабаз гІуцІараб, «***Бищунго лъикІав классалъе нухмалъулев***»(«***Самый классный классный***») абураб конкурс.

13 лъайкьеялъул учреждениябаздаса классазе нухмалъулел данделъараб гьеб конкурсалъул мурадлъун букІана классалъе нухмалъулесул хІалтІул къимат ва тарбия кьеялъул качество борхизаби.

КІиго бутІаялдасан гІуцІарал гьел къецазда (1. «***Дун ва дир класс***», 2. Щай дун классалъе нухмалъулевлъун вугев?») тІоцебесеб бакІ босана Дилим росдал гимназиялъул мугІалим ХІава Билаловалъ,кІиабилеб - Дубкиялдаса ПатІимат МусахІмаевалъ ва лъабабилеб-лицеялъул мугІалим Асият Шираевалъ.

Призалъулал бакІал ккуразе гьенир кьуна,РУОялъул рахъалдасан,ХІурматалъул грамотаби ва гІарцулал шапакъатал.

***Наида М-ХІАБИБОВА, ИМЦялъул специалист.***

# РакІ - ракІалъулаб баркала

18 марталда тІоритІана Россиялъул Президент вищиялъе рищиял. ЖамгІиял палатабазда тІадкъан букІана рищиязул халкколел (наблюдателал) рихьизаризе. Гьедин гьабиялъул мурадлъун букІана рищиял рацІцІад тІоритІи.

Нилъер районалда рищиязул 23 участокалда рукІана кІи-кІи халкколел. Районалъул избирателазулги халкколезулги жигарчилъиялда гьел тІоритІана законалъул кьучІалда.

Бокьун буго, «***Чапар***» газета гьоркьобккун, халккуразе ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабизе.

***ХІ. АДИМИРЗАЕВ, Дилим росу.***

## Дилим росдал школалъе – 100 сон!

**(Байбихьи 8, 11 ва 13 номеразда)**

# ГІасруялъул тарихалда жаниб...



Дилим росдал №1 школалъул (гьанжесеб лицей) араб гІасруялъулъ хасаб бакІ кколезда гьоркьов вукІиналъе, цадахъ хІалтІаразул, школа лъугІун аразул ракІалъ даималъ хутІиялъе мустахІикълъана ***Мухтар Расулович МухІамадрасуловги***.

Гьев гьавуна 1939 соналъ Дилим росулъ. Росдал школа лъугІун хадусан, М. М-расулов ана Буйнахъскиялъул педучилищеялде.Гьебги лъугІизабун тІадвуссарав М.Расулович (1962с.), тІамуна гІагараб школалъул кІудияв пионервожатыйлъун. Гьебго соналъ гьев ахІана Советияб Армиялъул мухъилъе. ТІадаб хъулухъги тІубазабун тІадвуссарав Мухтарица, жиндирго букІараб хІалтІилде байбихьана. Гьесул хІалтІи букІана жавабчилъи цІикІкІараб, щай абуни, гьесда тІадаб букІана гІисинал лъималазул школалдегун цІалиялде рокьи бижизабизе, хьвада-чІвадиялъул, лъай босиялъул рахъалъ цІалдохъаби церетІуралльун лъугьинаризе.

РакІ рагьарав,спорт бокьулев, лъималгун гьарулел ишазулъбатІи-батІиял къагІизаби ратулев ва ургъулев Мухтар, вачІинахъего, цІалдохъабазе рекІее гІуна.

Къокъабго заманалда гьесул ц1ар тІибитІана районалдагун республикаялда. Лъималазул унго-унгояв цевехъан - Мухтар М-расулов (1969 соналъ) кІодо гьавуна ВЛКСМалъул ЦКялъул «***СССРалъул бищунго лъикІав вожатый***» гІаламаталдалъун.

1970 соналъ гьев тІамуна, цІалдохъабазе рагъулабгун патриотикияб лъайкьеялъул рахъалъ,директорасул заместительлъун. Гьеб хІалтІуда загьирлъана М.М-расуловасул лъималгун хІалтІи гьабизе бугеб махщелгун бажари. Мухтарица гІуцІана рагъулаб байбихьиялде хІадурлъиялъул кабинет,цІалдохъаби кьвагьдезе хІадуриялъе къараб тир,хасаб площадка,ярагъ цІунулеб рукъ ва гь.ц. Гьесул хІалтІи рик1к1ана районалда бищунго лъикІаблъун. Лъай борхизаби мурадалда,Мухтарица Орджоникидзеялда (гьанжесеб Владикавказ) ва Волгоградалда лъугІизаруна хасал курсал. Цоцазда релълъараллъун рукІинчІел, батІи-батІиял къагІидаби,берзул алатал ва гь.ц. хІалтІизарулел М-Расуловасул дарсал цІалдохъабазе лъугьана рокьулел дарсазул цояллъун.

Рагъулаб хІадурлъиялда хурхарал къецазда, конкурсазда, олимпиадабазда гьесул цІалдохъаби кидаго рукІана цебесеб кьерда. Рагъулаб хъулухъалде арал Мухтарил цІалдохъабаз, гьезул командирзабаз школалде рачІунаан баркала загьир гьабиялъул кагътал. Республикаялъул даражаялда тІоритІулел слётазда М. Расулович вукІунаан лъимал данделъараб лагералъул жавабиявлъун. ЦохІо гьелъ бихьизабула Мухтар М-расуловасде гьабулеб букІараб божилъиялъул.

Гьай-гьай,гьес кьураб рагъулаб тарбиялъул хІасиллъун ккана гьесул цо чанго цІалдохъаби канагІат рагъулаб хъулухъ тІаса бищи. Гьединго, Мухтарица гІезегІанго соназ нухмалъи гьабуна районалъул рагъулаб хІадурлъиялъул мугІалимзабазул методикияб гІуцІиялъе. 21 соналъ гьабуна Мухтар М-расуловичас гьеб хІалтІи. 90-аб. соназ биххана СССР, гІезегІанго хиса-басиял ккана лъайгун тарбия кьеялъулъги.

ХІажалъи гьечІинги абун, школаздаса рахъана рагъулаб хІадурлъиялъул дарсал. Мухтарица байбихьана географиялъул дарсал кьезе. (1974 соналъго гьес лъугІизабун букІана ДГПИялъул географическияб факультет).

РакІбацІцІад, бажарун, ва щибниги гІайиб жинда чІвалареб хІалалда, М. Р. М-расуловас тІадкъараб хІалтІи гьабураблъи бихьизабула гьесие щварал шапакъатаз.

СССРалъул,Россиялъул, Дагъистаналъул лъайкьеялъул министерствабазул, районалъулгун РУНОялъул ХІурматалъул грамотабазде тІаде М. М-расуловасе щвана «***СССРалъул лъайкьеялъул отличник***», «***Россиялъул лъайкьеялъул отличник***» абурал каранда ралел гІаламатал, «***БахІарчияб захІматалъухъ***» медаль, «***Военрук-методист***», «***Зах1маталъул ветеран***» абурал цІарал ва цогидалги шапакъатал.

ХІалхьиялда вугониги, Мухтарица жигараб гІахьаллъи гьабула жамагІаталъул киналниги хІалтІабалъги. Г1адамазул баркалаги Аллагьасул рахъалдасан кириги щолеблъун ккола къадаралде щварав чи нухда т1овит1и. Гьеб кинабго т1убазабулев жамаг1аталъул вакиллъунги ккола Мухтар Мух1амадрасулов. Гьесда жамаг1аталъ гьабулеб божилъиялъги биццуна гьев реццалъе мустах1икъав вук1ин.

Гьединго, Мухтарица борхана хІажги.

***ХІ. МУРТАЗГІАЛИЕВ.***

***(Хадусеб бук1ине буго.)***

# Мисалияб хъизан

Нижер Калининаул росдал гІадамаз гьедин абула Ачабаевазул хъизаналда. Мунагьал чураяв Ачабай вукІана гІадамазда, росдал жамагІаталда гьоркьов вукІунев, лъикІаб-квешаб ккани гьеб ракълидеги бачунев, лъикІав, сахаватав инсан. Гьес, лъик1аб тарбия кьун, гІезаруна анлъго васги цо ясги.

Лъабгояв вахъана мугІалималлъун. Дица гьезул цояв - Надирбег рехсон толев вуго. Пагараб росдал школалда 52 соналъ мугІалимлъун хІалтІана гьев. Ачабайил лъимал ва гьезулги лъимал лъугьана ВатІаналъе, росдае, халкъалъе пайда бугеллъун. Гьезул гІемерисез тІаса бищана тохтурлъи, мугІалимлъи ва хІалтІулел руго полициялда.

Ачабайил чІужу ХІамамат кколаан цІар арав гІалимчи ПамиргІали-хІажил яс. Лъимал гІисин рукІаго. Ачабайица жиндирго лъималазда бесдал эбел ййхьизайичІо. Гьей г1умруялдаса ят1алъана. Ачабайица дунялалда бана 104 сон. Гьес нахъе тана лъикІаб наслу.

***Х.ВИСАИТОВ, Калининаул росу.***

***КIудияб Бергьенлъиялъе - 73 сон!***

# ЩИВГО КІОЧОН ГЬЕЧІО...

Дилим росулъа, жиндир мунагьал чураяв, Идрисов Расулил «Салатавия-дир рекІел чIухIи» абураб тIехьалда хъван буго, ВатIаниияб рагъул гIахьалчи, Гуни росулъа ХIажигороев ХIажигорол хIакъалъулъ материал

ХIажигороца рагъда гIахьаллъи гьабураб Керчалде, Идрисовасул тIехьалъул бицун, дица кагъат хъвана. Гьез бачIана гьев гьалмагъасул хIакъалъулъ нужеда лъалел цогидал къучIал баянал ратани,жидехъе ритIеян.

Гьединлъидал, Гуни росдал культураялъул, лъайкьеялъул учреждениябазул хIалтIухъабазда нижеца гьарулеб буго ахириял соназ гьев гьалмагъасул гIумруялъул бицен гьабурал тадбиразул, дандчIвазул хIакъалъулъ нижехъе хъваян ва суратал ритIеян. КIочон тоге ХIажигоро гIемерал орденалгун медалазул, батIи-батIиял шапакъатазул кавалер вукIин.

Гьединго, ракIалдаса ине бегьуларо гьев пачалихъиявгун жамгIияв гIуцIарухъанлъунги, хIалтIул лъикIав цевехъанлъунги, Салатавиялъул чIухIилъунги вукIараблъиги.

***Болатхан ХАЛИЛУЛАЕВ, Хасавюрт шагьар.***

# Обращение

***Районного Совета ветеранов войны и труда к главам сельских администраций, депутатам районного и сельских собраний!***

Отношение к памяти погибших на войне за свободу и независимость Родины – это показатель степени зрелости общества, цивилизованного народа. В умении помнить, любить, дорожить своей историей, заключена огромная нравственная сила. Сегодняшняя жизнь начиналась не вчера, но сегодня начинается будущее. Во имя будущего, мы должны помнить тех, кто не жалел своей жизни в жестокой схватке с фашизмом, и тех, которые отдали свою жизнь, обеспечивая конституционный порядок и безопасность нашей Родины, современных условиях. В этом отношении немало сделано в населенных пунктах нашего района: воздвигнуты памятники, обелиски в честь Победы, всех тех, кто отдал свою жизнь за Родину. Имена защитников Отечества навечно останутся в сердцах матерей, жен, детей и родственников. В населенных пунктах нашего района есть улицы и площади, которые не имеют названия. Почему нельзя давать имена тех, кто отдал свою жизнь за Родину во имя нашего светлого будущего?!

Уважаемые главы сельских администраций, депутаты районного и сельских собраний! Районный Совет ветеранов войны и труда, просит вас к 73-й годовщине Великой Победы ускорить и завершить процесс увековечения памяти тех, кто имеет заслуги перед народом и Родиной.

***Хункарби М-ХАБИБОВ, председатель районного Совета ветеранов.***

## УВАЖАЕМЫЙ ПОТРЕБИТЕЛЬ

Для ПАО «**Дагестанская энергосбытовая компания**» приоритетной задачей является обеспечение качественной услугой потребителей электроснабжения. В связи с чем руководство Общества выражает готовность предоставить в полном объеме исчерпывающую информацию по всем возникающим вопросам начисления и качества поставляемой электроэнергии.

ПАО «**Дагестанская энергосбытовая компания**» является единственным гарантирующим поставщиком электроэнергии в регионе - осуществляет покупку и сбыт электрической энергии потребителям в необходимых для них объемах, а также сбор денежных средств за потребленную электроэнергию.

В соответствии с договорбм, транспортировка электроэнергии, выставление объемов потребленной электроэнергии потребителям обеспечивается АО «**Дагестанская сетевая компания».** Потребитель, в свою очередь, оплачивает в кассы ПАО «**ДЭСК**» либо используя иной способ оплаты согласно данным, предоставленным сетевой компанией.

Отмечаем, что согласно законодательству, потребители обязаны своевременно вносить плату за все коммунальные услуги, включая электроэнергию. При накоплении задолженности за 2 месяца, в том числе за неуплату услуг, которые являются обязательными при поставке энергии, энергосбытовая компания может частично ограничить потребление электричества.

Если недобросовестный гражданин сформирует задолженность в 3 месяца, то энергосбытовая компания вправе обратится в сетевую организацию с просьбой об отключении электричества у конкретного потребителя. Должник заранее предупреждается о принимаемых в отношении него санкциях. В случае непогашения задолженности исполнитель вправе ограничить или приостановить подачу электроэнергии. Электричество будет отключено на следующие сутки после того дня, когда надлежало произвести оплату.

Потребитель несет установленную законодательством Российской Федерации Гражданско-Правовую ответственность за невнесение или несвоевременное внесение платы за коммунальные услуги. Потребители, несвоевременно и (или) неполностью внесшие плату за коммунальные услуги, обязаны уплатить исполнителю пени в размере, установленном частью 14 статьи 155 Жилищного кодекса Российской Федерации.

Кроме того, необходимо отметить, что потребитель, отключенный от электричества, должен не только погасить имеющуюся задолженность, но и несет дополнительные расходы в виде внесения платы за отключение и последующее подключение электроснабжения. Размер компенсации понесённых инициатором введения ограничения расходов, не должен превышать: для физических лиц - 1000 рублей, для юридических лиц - 10 000 рублей.

Напоминаем также, что за самовольное подключение к электрическим сетям предусматривается административную ответственность в виде штрафа: для физических лиц - от 10 до 15 тысяч рублей, должностных лиц - от 10 до 100 тысяч рублей, юридических лиц - от 100 до 200 тысяч рублей.

В связи с этим ПРОСИМ наших абонентов своевременно и в полном объеме вносить плату за потреблённое электричество.

Центральный пункт обслуживания потребителей в г. Махачкале находится по адресу ул. Радищева, 4. Кроме того, оплатить за электроэнергию вы можете в любом отделении «**Почты России**», банкоматах и терминалах «**Сбербанка**», собственных кассах ПАО «**ДЭСК**», через кассы ООО «**РПРЦ-Центр**» (региональный платежно-расчетный центр), ООО «**Юрэнергоконсалт**»., ГАУРД «**МФЦ**», ООО «**МПЦ**» (межрегиональный платежный центр), терминалы ООО «**Интегра-софт**», а также используя мобильные приложения «**Личный кабинет**» для платформ Android в Google Play и iOS в Apple Store.

По всем вопросам, касающихся качества обслуживания потребителя и напряжения в сети, начислениях, а также по иным вопросам, просим обращаться в ПАО «**ДЭСК**». Специалисты энергосбытовой компании совместно с АО «**Дагестанская сетевая компания**» примут все необходимые меры для решения обозначенной проблемы.

Все обращения потребителей без исключения будут рассмотрены и разрешены в установленные действующим законодательством сроки.

# *ПАО «Дагестанская энергосбытовая компания» сообщает...*

В соответствии с изменениями, внесенными в Правила полного и (или) частичного ограничения режима потребления электрической энергии, утвержденных Постановлением Правительства РФ от 04.05.2012 №442, а также в Правила предоставления коммунальных услуг собственникам и пользователям помещений в многоквартирных домах и жилых домов, утвержденных Постановлением Правительства РФ от 06.05.2011 №354, изменен порядок уведомления потребителей-должников об ограничении (отключении) режима потребления электрической энергии.

В настоящее время, действующим законодательством расширен порядок и возможные способы уведомления неплательщиков об ограничении режима потребления электроэнергии и инициатор ограничения вправе сообщить об этом потребителю любым из перечисленных способов: смс- сообщением на номер мобильного телефона, сообщением на адрес электронной почты, публикацией на официальном сайте инициатора в сети «Интернет», включением текста уведомления в счет на оплату, опубликованием в периодическом печатном издании, являющемся источником официального опубликования нормативных правовых актов, через личный кабинет потребителя в государственной информационной системе жилищно-коммунального хозяйства, передачи голосовой информации по сети фиксированной телефонной связи или любым позволяющим подтвердить доставку указанного уведомления способом.

На сегодняшний день в 3 периодических печатных изданиях, являющихся источниками официального опубликования нормативных правовых актов органов государственной власти субъекта, размещена информация об изменениях способов уведомления об ограничении. На сайте dag-esk.ru в разделе «**Клиентам**» созданы подразделы «**Реестр на ограничение коммунальных услуг (физические лица)**» и «**Реестр на ограничение юридических лиц**», в которых ежедневно публикуют списки потребителей - должников. Потребитель считается надлежащим образом уведомленным о введении ограничения режима потребления в день публикации соответствующего уведомления.

На основании изложенного и в целях организации работы по информированию потребителей-должников об изменении порядка и способов уведомления об ограничении режима электропотребления, необходимо:

-провести расширенную работу совместно с главами местных администраций по оповещению потребителей физического сектора;

-обеспечить получение от абонентов заявлений с указанием номеров мобильных телефонов.

***М.Ш. ГИТИНОВ, управляющий директор.***

# Лъазаби

Бичулеб буго 15 найил т1ала. Тел.: **8989471-05-32.**

*Бетlерав редактор: Мухтар Гlалиевич Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: Мухlамад-Шарип Гlабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: Хlалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Сапият Султанмухlамадова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо Хlайбаева*
*Верстка: Марьям Атавхlажиева, Зайнаб Гlабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368141, Саид-Афандил къват1,2*
*Индекс: 51354*
*Заказ №244 Тираж 1271*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хlужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*